

Mèkredi 17 Mas 2021

Chè Manm Komite Lekòl yo,

Nan Mèkredi 24 Mas 2021, Komite lekòl la pral vote sou bidjè Ane Fiskal 2022 pou Boston Public Schools. Bidjè fon jeneral total pou konsiderasyon ou se \$1 294 719 861.

Nou enkwayableman fyè pou bidjè sa epi nou konsidere li kòm yon reyon espwa pandan peryòd ensètitud sa, ki reprezante yon opòtinite inik pou envesti nan elèv nou yo epi atenn vizyon nou pou **asire tout elèv nou jwenn sa yo bezwen pou yo fè sikse.**

Jodi a, pwopozisyon final nou pou egzamen ou (sou fòm tablo bidjetè ki tache nan pyès jwent yo) ap rive pibliye anliy epi pataje avèk Manm Komite Lekòl yo. Memo sa rezime chanjman ki reflète nan vèsyon pwopozisyon bidjè orijinal sa ki pwopoze 3 Fevriye ane sa.

Atribisyon divès aterisaj an dousè pou lekòl ki mwens pèfòman yo

Pandan dènye ane yo, nou te founi divès aterisaj an dousè ak lekòl mwens pèfòman yo. Nan yon ane tipik, finansman sa reprezante nan pwopozisyon bidjè inisyèl la kòm yon rezèv pou alwe ak lekòl yo ofiramezi n'ap avanse nan pwosesis bidjetè a. Pwopozisyon mizajou sa t'ap reflète, alò, chanjman ki pote ak bidjè lekòl yo pou objektif sa pandan de dènye mwa yo.

Kòm nou te soulinye li pandan tout pwosesis la: ane sa diferan. Depi nan kòmansman, nou te fòse pou idantifye lekòl ki te bezwen sipò adisyonèl epi nou te gentan alwe \$18,5M pou sipòte lekòl ki te sibi diminisyon enskripsyon nan bidjè nou te prezante 3 Fevriye a. Pwopozisyon bidjè sa enkli divès alokasyon ki ta tipikman fè pati aterisaj an dousè pou lekòl ak pi ba pèfòmans yo. Rezilta se ke pwopozisyon mizajou sa enkli mwens chanjman nan nivo lekòl pase sa ou t'ap wè nan yon ane bidjetè tipik.

Lòt chanjman nan Bidjè Lekòl la

Chak ane, bidjè pwopoze inisyèl yo genyen yon kantite adisyonèl rezèv nou gen entansyon likide pasyèlman pandan tout pwosesis bidjè a. Rezèv sa yo konsève nan biwo bidjè epi yo evantyèlman transfere ak bidjè lekòl yo. N'ap jwenn anba yon rezime chanjman sa yo pou ane sa. Pandan nou toujou kenbe divès rezèv ki pral likide pandan lete ak lotòn nan, fon swivan yo te transfere soti nan rezèv santral ale nan bidjè lekòl yo.

- Mizajou divès ajou pou lekòl nan ka bèns enskripsyon yo: 587 704\$
- Ajisteman FTP Travayè Sosyal yo (Social Worker FTE) an fonksyon de fidbak lekòl yo ak renonsyasyon yo: 154 689\$
- Èd pou tranzisyon pou chanjman klas yo: 429 134\$



Nan twa domèn sa yo, bidjè lekòl yo te ogmante pa yon total \$1 171 527 depi pwopozisyon orijinal la. Trèz lekòl te remake ogmantasyon nan bidjè endividyèl yo depi 3 Fevriye: sèt apati yon mizajou ajou pou lekòl, twa soti nan ajisteman Travayè Sosyal FTE yo (Social Worker FTE), epi twa soti nan sipò tranzisyon pou chanjman klas yo.

Chanjman nan bidjè Santral yo

Te genyen yon kantite ti chanjman ap bidjè pwopoze a pou depatman santral yo. Sa yo gen yon pòte plis limite epi yo reprezante divès transfè ant sèvis santral yo e ant tip kont yo nan yon sèvis.

Sèl chanjman sinyifikatif ki pote nan bidjè santral yo enplike lidèchip divizyon Ekite ak Estrateji ki pase de anplasman bidjetize orijin li nan bidjè Lakin Opòtinite an bidjè sèvis Estrateji. Chanjman sa pa reflekte yon rediksyon nan youn oubyen lòt bidjè a, men senpleman yon mouvman pou yon pi bon jesyon entèn bidjè a.

Mwen t'ap pi renmen pa fini lèt sa pandan m'ap remèsye pèsonèl la ki devwe ki te kontribye ak elaborasyon bidjè sa, ki genyen ladan l direktè lekòl nou yo, konsèy etablisman nou yo, ekip finans nou an ak chèf sèvis nou yo. Yo reprezante sa k pi bon an nan BPS epi enkane angajman nou anvè elèv nou yo, fanmi nou yo, ak kominote nou yo.

Sensèman,



Dr. Brenda Cassellius

Direktè